

## Vwayaje Lwès nan Tren

### Tèks eksplikatif/Expository Text (Genre)



Premye wout tren nan Etazini an te fèt nan lane 1825. Moun yo te reyalize **vwayaje** nan tren te pi fasil pase vwayaje sou cheval oubyen nan **kabwèt**. 25 lane pita te vin genyen yon rezo ki konekte ti bouk yo ak vil yo nan kot lès la. Malerezman pat genyen fason pou vwayaje nan kot lwès la. Vwayaj te konn pran plizyè mwa.

Nan lane 1841, premye **pyonye** yo te konn vwayaje nan kabwèt kouvri ki soti Missouri pou rive Oregon. Nan lane 1849 yo te fè **dekouvèt** lò nan Carlifornia. Milye moun prese kouri ale California nan kabwèt pou al chèche lò. Vwayaj la pat fasil, li te long epi l te danjere. Moun yo te bezwen yon mwayen ki te plis an sekirite pou yo te kapab vwayaje. **Komèsan** te bezwen yon pi bon mwayen pou yo vwayaje ak **machandiz**. Gouvènman te oblije panse kòman pou l te bati yon **chemen fè** pou **konekte** tout peyi a.

### Bati yon Chemen Fè

Nan lane 1862, Prezidan Abraham Lincoln ansanm ak kongrè decide bati yon chemen fè

ki te konekte lès ak lwès. Yo te anplwaye de konpayi pou bati chemen fè a. Yon konpayi te kòmanse nan Sacramento, California epi l te ale jis nan lès.



Lòt konpayi an te kòmanse nan Omaha, Nebraska epil te ale jis nan lwès. Chemen fè a te pran plis pase de mil kilomèt tè sèk, dezè ak mòn.



Travay la pat fasil. Pafwa sezon an te bon, pafwa li pat bon tou. Majorite travayè yo te sòti nan peyi Chin. Yo te riske vi yo pou yo te kapab ede Amerik bati chemen fè a.

10 me 1969, wout la te rive nan Promotory Point, Utah. Nouvèl wout sa te rann **emigrasyon** pi fasil. Li te konn pran moun yo senk mwa sòti Missouri pou rive California. Li vin pran yo sèlman nèf jou ak nouvèl wout la. Vwayajè yo te **apresye** bèl travay sa.




---

**1-kòman ou fè konnen Vwayaje Lwès nan Tren se yon tèks eksplikatif? (Genre)**

---



---



---



---

**2- Poukisa chemen fè enpòtan jounen jodia?**

---



---



---



---

**3- Poukisa li te enpòtan pou bati yon chemen fè pou kouvri tout Etazini.**

---



---



---



---



---

**3yèm Ane**